



SITIYASYON EDIKASYON JENN AK GRANMOUN NAN AMERIK LATIN AK NAN KARAYIB LA KONTÈKS EPIDEMI MONDYAL LA

REZIME, REKÒMANDASYON AK ORYANTASYON
3STRATEJIK YO

Reyalizasyon:



Campaña
Latinoamericana
por el Derecho
a la Educación

Èd:





SITIYASYON EDIKASYON JENN AK GRANMOUN NAN AMERIK LATIN AK NAN KARAYIB LA KONTÈKS EPIDEMI MONDYAL LA

REZIME, REKÒMANDASYON AK ORYANTASYON
3STRATEJIK YO

Gloria Hernández Flores
María Eugenia Letelier Gálvez
Sara Elena Mendoza Ortega

Desanm 2021



*Antre la a pou nou ka
gen posiblite jwenn tout
dokiman an.*

Reyalizasyon:



Campaña
Latinoamericana
**por el Derecho
a la Educación**

Èd:



Reyalizasyon: Latinowameriken pou Dwa Moun pou yo Jwenn Edikasyon (CLADE)

Ak konkou: Mdivv Entènasyonal

Moun ki prepare dokiman an: Gloria Hernández Flores, María Eugenia Letelier Gálvez y Sara Elena Mendoza Ortega

Kòdinasyon ki reskonsab etid la: Nelsy Lizarazo, Adelaida Entenza y Giovanna Modé

Kòdinasyon editoryal: Fabíola Munhoz

Seleksyon imaj yo: Carolina Osorio

Ilistrasyon: Catarina Bessell

Konspeyon grafik ak chematisasyon: Luiza Poli

Foto paj kouvèti: Gouvènè Sawopolo

Tradiksyon kreyòl: Calixte Jean Gregory

Komite Direksyon CLADE:

AksyonÉd

Ajanda sitwayen pou Edikasyon kostarika

Kanpay Ajanten pou Dwa Moun pou yo Jwenn Edikasyon

Kanpay Bolivyen pou Edikasyon pou Dwa Moun pou yo Jwenn Edikasyon

Kanpay Dwa Moun pou yo Jwenn Edikasyon - Meksik

Federasyon Entènasyonal Fe y Alegria (Lafwa ak Lajwa)

OXFAM

Òganizasyon Mondyal pou Edikasyon Preskolè (OMEP) – Rejyon Amèrik Latin

Regwoupman Edikasyon pou Dwa Moun pou yo Jwenn Edikasyon - Ayiti (REPT- Haiti)

CLADE jwenn konkou finansye:

Asosiyasyon Alman pou Edikasyon Granmoun

Edikasyon a Wotwa / Alyans Mondyal pou Edikasyon

Fondasyon Edikasyon ak Koperasyon EDUCO

KIX /Alyans Mondyal pou Edikasyon

Fondasyon Sosyete Sivil la

OREALC UNESCO Santiago

OXFAM ak Ajans Danwa pou Devlopman Entènasyonal

UNICEF Lacro

Biwo CLADE a:

Av. Prof. Alfonso Bovero, 430, cj. 10.

Perdizes. São Paulo - SP - CEP 01254-000, Brasil

Téléfòn: 55 11 3853-7900

Imel: clade@redclade.org

www.redclade.org

Desanm 2021

Tout moun gen dwa repwodui yon pati dokiman an oubyen tout dokiman an, depi yo pa wete ni mete ladan n epi yo mansyone sous dokiman an.

Tèks la se yon rezime dokiman Kanpay Latinowameriken pou Dwa Moun pou yo jwenn Edikasyon an (an panyòl: CLADE) te anchaje prepare sou *“Sitiyasyon Edikasyon Jenn ak Granmoun nan Amerik Latin ak nan Karayib la nan kontèks gwo epidemi mondyal sa a”* pou li ka bay patisipasyon pa l nan pwosesis preparasyon Konferans Entènasyonal sou Edikasyon Granmoun nan (an panyòl: CONFITEA VII) ki gen pou òganize nan peyi Mawòk nan lane 2022 a. Se yon kontribisyon CLADE deside bay apati reyalite ki egziste nan Amerik Latin ak nan Karayib la epi sou baz vizyon ki konsidere edukasyon kòm youn nan dwa moun ki pi enpòtan yo.

Dokiman an ki gen yon kote analiz ak yon kote deskripayon te fèt nan peryòd mwa Jen pou rive mwa Sektanm 2021. Li chita sou analiz sous segondè yo ansanm ak ankèt yo reyalize apati sous primè yo. Sous segemondè yo ranmase dokiman ki soti nan rechèch ki fèt sou paj wèb ansanm ak done ki soti nan fowòm òganis entènasyonal yo reyalize menm jan ak òganizasyon sosyete sivil la – Reyinyon Rejyonal pou preparasyon CONFITEA VII¹ la – mete sou rechèch dokiman ki fèt pou ranmase done ki soti nan dizuit (18) peyi nan rejyon an, E nan sans sa a, yo te plis chita sou oryantasyon ak dokiman ki pwoodui nan kad gwo epidemi mondyal sa a (pandemi an). Sous primè yo pèmèt nou ranmase enfòmasyon ak done ki konsène kesyon kalite a gras ak gwo woumble ki fèt nan itilizasyon mwayen komunikasyon vityèl yo e ki rasanble pwofesyonèl k ap travay nan Ministè Edikasyon yo, espesyalis, edikatè-fanm kou gason- nan plizyè peyi. Kon sa, gen senk (5) gwo woumble ki fèt ak prezans venntwa (23) patisipan. Menm lè n konsidere woumble sa yo gen yon dimansyon entènasyonal, aktivite ki fèt sou baz patispayon volontè entèvenan yo, sa pa ban nou dwa ran yo kòm miwa sa k ap pase toupatou. Men, jan woumble sa yo te rich ak serye, mete sou travay sistematizasyon enfòmasyon ki soti nan sous segondè yo, sa ban nou posiblite prezante yon vizyon ki pi laj sou eta sitiyaasyon jeneral Edikasyon Jenn ak Granmoun nan (EJG) nan Amerik Latin ak Karayib la (ALK).nan peryòd gwo epidemi mondyal sa a.

Pou kòmanse etid la chèche ranmase ansanm kad nòmatif ki parèt nan tout woumble ak akò yo, yon demach ki fèt apati mannyè n ap konsidere defi lèzòm gen pou yo leve nan moman an. Nou chita sou ansanm apwòch ki make deba yo, sou prensipal rezon ki fè yo te tabli Konferans Entènasyonal sou Edikasyon Jenn ak Granmoun nan (1949) epi sou obektif pèmanan ki toujou make kad konseptyèl ansanm ak angajman peyi yo toujou pran pou apiye Objektif Devlopman Dirab (ODD) yo ki vin reprezante yon kad referans inivèsèl. Menm lè ODD yo pa bay EJG a yon gwo pozisyon epi malgre yo pa fin rekonèt kapasite ak gwo pouvwa Edikasyon Jenn ak Granmoun nan genyen pou li ede nan reyalizasyon objektif yo defini yo ansanm ak rezilta y ap chèche yo.

1 UNESCO, CONFITEA VII: Mobilizasyon sosyal pou Edikasyon Jenn ak Granmoun (EJG) nan Amerik Latin ak nan Karayib la : <https://es.unesco.org/node/339521>

Nan tout kalite prensip referans ki konplete youn lòt e ki fè tèks la byen chita a, nou ka jwenn de (2) lide fòs ki travèse tout tèks la : apwòch ki chita sou dwa moun nan kòm garanti pou yo jwi dwa sa a ki pi enpòtan an epi gwo plas ak enpòtans Edikasyon Jenn ak Granmoun nan genyen an. Apwòch ki chita sou dwa moun nan makònen ak yon vizyon realasyonèl, yon vizyon istorik ak yon vizyon valorizan ki leve diyite moun yo kòm sijè pou n kapab gen jistis sosyal, pou EJG a vin gen plis kapasite pou li kontribiye nan defann lòt dwa yo epi pou pèmèt moun/sijè sa yo jwe wòl sitwayen yo toutbon. Rive vini ak lòt pwopozisyon ki depaman ak sa nou abitye jwenn nan dokiman yo, yon vizyon ki pase men pran yon apwòch filozofik ak yon apwòch moral ki bay Edikasyon Jenn ak Granmoun nan yon lòt pozisyon, lè li rekonèt sijè yo, pratik yo ak metòd yo kòm prensipal ajan transfòmasyon konsepsyon yo, pratik pedagogik yo ak relasyon pedagogik yo. E se nan sans sa a, nou kapab di esperyans nan branch edikasyon popilè ak patisipasyon sosyal Amerik Latin nan ak Karayib la ranmase a se yon esperyans ki rich, se yon esperyans ki laj anpil e ki merite pou yo rekipere l epi pataje l tou.

Dwa moun pou yo jwenn deikasyon an ak enpòtans Edikasyon Jenn ak Granmoun nan genyen an, parèt nan yon kontèks kote gen yon kriz manchlong ki gen plizyè dimansyon, yon kriz yo rele yon kriz sivilizasyon ; kon sa, apati vizyon sa a yo wè gen plizyè defi k ap parèt devan nou e ki mande pou nou vini ak solisyon ki pou mache ak chanjman serye ak chanjman dirab nan respè prensip etik ak prensip tout moun bay valè yo, sa vle di : yon seri solisyon ki dwe konsidere pwopozisyon ki soti bò kote vwa k ap fè pwopozisyon pou prensip “byen viv” la. Sou baz vizyon jenereal ak vizyon inivèsèl sa a:anndan tèks la, nou analize kèk sitiyasyon tètchaje Amerik Latin ak Karayib la ap konnen, yon rejyon ki pran nan yon gwo pyèj inegalite istorik ansanm ak yon bès kwasans ki vin angrave akòz sitiyasyon epidemi mondyal n ap viv jounen jodi a.

Dezyèm chapit tèks la konsène rechèch ak analiz done ki soti nan sous segondè yo. Travay sistematik sa a ki fèt pou ranmasay ak analiz enfòmasyon ak pwopozisyon ki fèt nan peryòd epidemi mondyal la (pandemi) konsidere vizyon òganis entènasyonal, ajans entènasyonal ak sosyete sivil la. Premye konsta a demontre kouman disponiblite sous sa yo chaje limit, kouman youn gaye pa rapò ak lòt e kouman sa bay gwo difikilte nan travay ranmase ak travay tretman done aktyèl sou Edikasyon Jenn ak Granmoun nan. Bò kote mank enfòmasyon estatistik yo genyen sitiyasyon kote moun pa twò fin konnen egzistans koze EJG a. Anpil fwa, nou konstate sou plan entènasyonal, EJG a pa gen twòp viziblite tou, ni kòm modalite anndan sistèm nan, ni kòm yon sousektè ki la pou l garanti dwa moun yo pou yo jwenn edikasyon an. Gen de lè menm, yo konn melanje koze edikasyon jenn ak granmoun nan, yo pran l kòm sipò pou edikasyon timoun ak adolesan yo. E kon sa, yo pa fin twò wè sijè li yo pou yo genyen yon nivo edikasyon k ap vin pi wo chak jou pi plis.

Travay analiz ak tretman sistematik done ak enfòmasyon ki soti nan sous done segondè yo rive fèt apati done k ap soti bò kote dizuit (18) peyi nan rejyon. an Genyen fich ki te prepare pou anrejistremen ak òganizasyon enfòmasyon sa yo apati senk (5) aks: enpòtans travay enstitisyon yo, kondisyon itilizasyon zouti teknoloji yo, sitiyasyon moun yo pandan peryòd pandemi sa a, dimansyon pedagogik la ak kesyon finansman an. Jan li posib pou nou konprann sa, aksyon ak reyaksyon peyi yo nan peryòd pandemi KOVID-19 pa depaman pa rapò ak mòd politik yo te konn aplike anvan kriz la. Youn nan prensipal koze ki bay anpil tètchaje se: mank kapasite enstitisyon yo pou yo planifye politik pou yon tan long yo. Kon sa, pandan peryòd pandemi sa a, tandans lan se plis neglije Edikasyon Jenn ak Grenmoun nan oubyen se rete kole sere sere ak divès obnjektif jeneral ki konsène sistèm edikasyon an. Peyi ki kontinye rapousib aktivite edikasyon yo pandan peryòd pandemi an se peyi ki te deja gen politik ak esperyans nan egzekisyon kèk pwogram fleksib, e se sou baz sa a yo kanpe pou yo yo kapab ofri kèk repons altènatif ki mache ak anpil pratik altènatif tou.

Nan sans sa a, kapasite peyi yo pou yo pote repons lan depann de posiblite pou yo gen plizyè rezo, ansanm ak zouti enfòmasyon ak mwayen teknoloji disponib. Se kondisyon ki mache men nan men ak kondisyon lavi moun yo, paske konsekans pandemi sa a vin kreye plis inegalite e sa angrave sitiyasyon dwa jenn ak granmoun genyen pou yo jwenn edikasyon an. Nan pi fò peyi, repons pedagogik yo pwopoze pou pandemi sa a plis konsène adaptasyon nan kourikoulòm yo, nan fòm elektwonik yo epi nan fè yo antre kòm imaj sou platfòm wèb yo. Nan plizyè ministè edikasyon ak sekreteri yo ofri oryantasyon pou pwofesè k ap travay nan EJG a Nan kèk ka espesyal, yo idantifye plizyè aksyon an favè moun ak gwoup ki nan sitiyasyon kote yo gen kontak ak plizyè lang ansanm ak plizyè kilti, aksyon an favè moun ki pa ka fè tout kalte mouvman ak kò yo ansanm ak sila yo ki fèmen nan prizon. Se menm jan an, genyen aksyon ki sible moun dapre sèks yo. Li pa fasil pou nou rive mezire gwo konsekans pandemi sa a trennen dèyè l yo sou EJG a, akòz pa gen ase enfòmasyon sistematize ki disponib, men nou ka site kèk done ki pa fin kont e ki konsène nivo lokal yo, sant yo, done nou konnen ki pa konplè paske yo pa rive kouvri tout kesyon ki enterese nou la a. Kon sa tou, genyen enfòmasyon ki konsène lajan ak resous anplis yo mobilize pou fè faskare ak pandemi sa a, men gen lòt enfòmasyon ki konsène: etablisman lekòl k ap fèmen, panye pwovizyon k ap diminye epi mank mwayen sante ak mwayen pwoteksyon pou pèmèt pwofesè yo fè alevini san pwoblèm.

Nan twazyèm chapit la gen yon travay ki fèt pou sistematize: pèspektiv, esperyans ak opinyon yo pataje nan kad gwo woumble kote yo envite anplwaye ministè edikasyon ak sekreteri edikasyon, pwofesè ak espesyalis nan branch edikasyon jenn ak granmoun. Travay sistematizasyon sa a fèt sou baz menm senk (5) aks/dimensyon ki te sèvi kòm objè pou travay analiz ki fèt nan dokiman sa a. Enstitisyon yo vini ak divès repons ki depaman youn ak lòt pou peryòd pandemi an, gen kèk peyi ki fè kòm si modalite EJG a pa egziste, gen peyi kote koze sa

a fè yon gwo bak akòz chanjman Gouvènman. Men, kèk pwogram gen posiblite dire lè gen gwo aksyon mobilizasyon an favè yo ak/oubyen lè pwogram sa yo gen bon jan rasin sou teritwa a oubyen nan kominote a. Se pou sa, li nesesè pou nou idantifye benefisyè, aktè Edikasyon Jenn ak Granmoun nan pou nou rive byen konprann repons pou n pote pou sitiyasyon pandemi sa a, an pami sa yo, nou dwe konsidere: wòl pwofesè yo-fanm kou gason- dayè nan tout woumble nou konvoke yo, tout patisipan toujou pale de travay pasemen nan modalite sa a, de anpil angajman ak anpil sans kreyativite pwofesè yo pou fè faskare ak pandemi sila a. Genyen anpil temwayaj ki fè konnen kouman nan de ak twa mouvman moun yo gen tan jwenn zouti teknoloji ki disponib gras ak mouvman solidarite ak koperasyon tètansanm yo, menm jan yo rive devlope divès kapasite pou yo konstwi estrateji pou ede jen ak granmoun yo apati aksyon kole zepòl youn ak lòt, epi gra a aksyon lanmou ak jès sosyoyemasyonèl yo. Sitiyasyon pandemi sa a pèmèt nou wè kouman pwofesè yo ap travay nan move kondisyon ki chaje mank e kote yo benefisye kèk aksyon ki konn pa gen pyès kontinuite ak suivi.

Pou sa ki konsène diferans ki genyen ant sa ki jwenn zouti sa ak sa ki pa gen posiblite sila a, nou konstate sa gen pou wè ak kondisyon lavi moun yo menm. Nan sa a, gen anpil moun ki kwè : se mank konpetans teknolojik moun yo ki prensipal baryè ki anpeche yo janbe nan modalite an liy la, ki fè yo pa gen posiblite sèvi ak nouvo zouti teknoloji yo e ki lakoz yo pa gen pyès koneksyon entènèt. Se sa k fè pi plis kontak yo genyen yo chaje limit poutèt se plis watsap yo itilize, yon platform ki ofri yon nivo kominikasyon limite. Gen yon seri mank ki pa twò vizib tou, tankou sa ki konsène dispozisyon pou yo janbe nan sistèm an liy yo, epi pou yo itilize zouti teknoloji yo. Yon lòt kote, yo pale de pozisyon moun sa yo okipe lakay yo menm, mank didisponiblite resous yo epi priorite yo aksepte bay timoun yo-tifi kou tigason- pou yo kontinye etidye. Egzijans ki genyen pou moun yo kòmanse monte sou platform nimerik yo genyen kèk valè pozitif, tankou: moun yo ki vin devlope konpetans pou yo sèvi ak zouti kominikasyon sa yo epi devlope kapasite pou yo viv nan monn jounen Jodi a. Danje ki genyen an e ki ka menase Edikasyon Jenn ak Granmoun nan pi espesyalman, kapab soti nan yon sitiyasyon ki makònen ak kèk lòt nouvo fòm esklizyon ak nouvo fòm inegalite ki konekte ak feblès ki egziste nan òf sèvis nimerik yo.

Pou sa ki konsène dimansyon pedagogik la, repons yo mache kòtakòt ak mouvman monte desann pandemi an ap fè yo, apati fòs li k ap monte oubyen k ap bese tanzantan an, sa lakoz gen de lè yo plis sèvi ak fòm prezansyèl e lòt fwa yo, yo itilize modalite semiprezansyèl la. Si gen yon lide fòs ki toujou travèse tout woumble ki òganize yo, se: nesesite pou nou kenbe modalite edikasyon prezansyèl la tout jan tout mannyè. Pandan peryòd pandemi an, gen yon lòt sijè ki vin parèt tèt li e ki konsène nesesite pou nou panche sou travay pasemen nan kourikoulòm yo san pèdi tan, pou nou adapte yo, pou nou fè yon jan pou nou konekte disiplin yo youn ak lòt, epi pou nou prepare kreyasyon selil aprantisaj, nan chèche mwayen genyen yon esperyans ki

makònen ak yon travay chanjman totalkapital nan kourikoulòm yo e ki tabli sou yon prensip ki konekte tout disiplin yo ansanm epi pou youn konplete lòt (apwòch entèdisiplinè a). Sou plan pedagogik: fòmasyon sosyoyemasyonèl la vin ap pran tout plas li merite a epi radyo vin genyen tout enpòtans li te genyen anvan an kòm zouti kominikasyon ki nan sèvis kominote yo e ki gen yon gwo fonksyon edikatif tou.

Kesyon finansman pou edikasyon jenn ak granmoun nan genyen yon kokennchenn enpòtans. Jan nou te pale de sa anvan, egzistans pwojè yo marye ak egzistans kèk Gouvènman ki p ap dire de (2) jou, tout pandan, nou konnen yo pa bay Edikasyon Jenn ak Granmounn nan tout enpòtans li vre pandan peryòd pandemi sila a. Tou sa vin fè yo neglije deziderata popilasyon an genyen yo e ki egzije pou koze edikasyon an tounen yon priyorite pou yo, lè nou konnen: nan kèlikilanswa sikonstans yo, kesyon edikasyon an toujou rete yon dwa moun inivèsèl.

Chapit kat (4) la prezante konklizyon an, li espoze rekòmandasyon ak ansanm ak estrateji yo pwopoze yo. Pami tout konklizyon sa yo, nou kapab konsidere plizyè pwèn ki konsène kèk politik pou diminye posiblite pou yo kontinye mete EJG a sou kote, menm jan ak posiblite pou yo pa fin rekonèt jenn ak granmoun yo kòm sijè ki gen dwa pou yo jwenn edikasyon; e sa pa dwe fèt sèlman nan lide pou moun sa yo ka kontinye ede pitit yo etidye oubyen pou yo annik sèvi kòm sipò sosyoyemasyonèl pou yo tou. Nan chapit la, yo mete anpil fòs sou travay pwofesè yo-fanm kou gason-, sou mòd aprantisaj kote youn ap aprann nan men lòt la epi sou konsepsyon yon seri estrateji ki makònen moun yo ak pedagoji a pandan peryòd pandemi an. Yo ensiste sou gwo inegalite ki egziste akòz teknoloji a ki pa twò disponib ansanm ak zouti kominikasyon yo epi yo retounen sou gwo enpòtans radyo a kòm mwayen komikasyon ak zouti aprantisaj. Genyen mank done sou edikasyon jenn ak granmoun nan, genyen mank enfòmasyon ki sistematize, genyen yon mank rechèch ansanm ak absans yon bann tèm kle ki kapab kore travay pou pote bon jan chanjman nan sousektè a. Youn nan pwèn esansyèl ki parèt se: yon pèsèpsyon ki chita sou modèl ki la a, yon modèl k ap pèdi souf e ki chaje limit; nan moman pandemi an, gen yon bon rale ki fèt sou koze aprantisaj ant jenerasyon yo ak modèl aprantisaj ki chita sou plizyè kilti yo, akòz vin genyen yon dyalòg tansvèsal nan fwaye yo, nan espas travay yo, ak espas kominotè yo. Mete sou sa, genyen yon bann estrateji ki ap pran pye e ki marye èd ak solidarite, e vin genyen nesèsite pou yo repanse sistèm sila a sitou pou sa ki gen rapò ak òf eskolè a. Rekonèt espas rankont yo epi ba yo tout valè yo, yon manyè pou nou bay jenn ak granmoun yo pi plis enpòtans toujou kòm sijè ki gen bon jan dwa, kòm pwodikè konesans ak kòm kreyatè lakilti.

Pati sa a konekte ak lòt lide fòs nou jwenn yo ansanm ak rekòmandasyon pou tabli yon veritab pwosesis dyalòg nan kad preparasyon CONFITEA VII la. Nan kad sa a, dyalòg yo pase men pran tout akò ki deja egziste yo e an menm tan nou rive kolekte ansanm pwèn ki reprezante esansyèl woumble ki fèt sou tèm: "Kontribiye nan tabli kilti ki chita sou dwa moun, jistis sosyal, valè nou pataje


ansanm yo ak koze dirabilite a". E se apati evènman sa a, nou ranmase divès eleman ki pèmèt nou vivni ak ansanm rekòmadasyon ki marye ak yon vizyon sou jan pou demen an ye a. Kon sa, nou espoze tout rekòmandasyon e nou mete yo sou fòm gran oryantasyon estratejik ki konsène kreyasyon yon nouvo literati pou Edikasyon Jenn ak Granmoun nan, sa vle di: lòt fason pou nou konprann Edikasyon Jenn ak Granmoun nan k ap pèmèt nou redefini domèn aksyon l yo, ba li yon lòt dimansyon epi pou nou pwodui tout kalte konesans k ap ban nou mwayen kontribiye nan kreyasyon ak enplemantasyon divès politik ak pratik k ap garanti posiblite pou tout moun jwi dwa pou yo jwenn edikasyon an kòmsadwa.

Sou baz lide sa a, nou sèten gwo tradisyon peyi Amerik Latin genyen nan edikasyon fondamantal la, yon tradisyon ki dwe vin modèn, kapab sèvi kòm konesans rejyonal nan konstitisyon yon bon jan modèl edikasyon popilè, menm jan sa kapab sèvi nan tretman ak analiz esperyans Gouvènman yo fè nan ankouraje prensip respè dwa moun ki pi pòv ak pi fèb yo pou yo jwi dwa pou yo jwenn edikasyon an.

Apati konklizyon ak rekòmandasyon sa yo ki mache ak plizyè pwopozisyon oryantasyon estratejik, yon seri oryantasyon ki dwe antre dirèk dirèk nan kad refleksyon k ap fèt nan pwosesis reyalizasyon CONFITEA VII la, yon pwosesis ki reprezante yon opòtinite men ki ka tounen yon okazyon pou reprann menm diskou ak menm angajman nou pa t janm rive respekte yo, sa ki ka pwovoke rezilta ki ka tou kraze baz lejitim edikasyon jenn ak granmoun nan e ki ka lakoz kad montaj fòm edikasyon sila a toujou tabli sou menm mank ak feblès yo nan nivo entènasyonal la.

Kon sa, lè nou mete pwodiksyon yon nouvo literati pou Edikasyon Jenn ak Granmoun nan nan nannan refleksyon yo, sa dwe ban nou yon opòtinite pou nou rasanble lide tout sektè yo pou nou byen antre nan pwofondè lide Edikasyon Jenn ak Granmoun nan epi pou nou byen wè avni modalite sa a nan moman kriz n ap konnen la a e ki kapab tounen yon peryòd lespwa tou.

Foto: Reyna Guillermina Rodríguez Santiago






Foto: Getty Images



TÈT DWAT SOU CONFITEA VII LA : REKÒMANDASYON AK ORYANTASYON ESTRATEJIK YO

KONKLIZYON YO

Se nan moman kriz, pwoblèm sosyal ak fenomèn sosyal yo parèt jan yo ye a, pandan yo t ap eseye kache oubyen minimize yo. Kriz jounen jodi a vini ak anpil konfizyon, men li pote anpil espwa tou, paske li demontre nesesite pou nou vini ak chanjman pwofon nan manyèr n ap viv epi nan fason nou abite planèt la. Menm lè se pa premye gwo kriz limanite ap konnen, men, kriz mondyal sa a vin genyen yon dimansyon sivik e k ap menase egzèsis ansanm dwa moun yo, Tou suit apre Gè Mondyal la bout, sa fè plis pase swasnnadis (70) lane, antant ki rive tabli ant nasyon yo vin pèmèt nou adopte Deklarasyon Inivèsèl Dwa Moun nan e ansanm prensip li yo toujou konsève tout fòs yo, menm lè yo kapab pase men nan yo pou yo vin pi adapte ak reyalyte aktyèl la.

Nou pati ak refleksyon sa a akòz etid CLADE kòmande sou Edikasyon Jenn ak Granmoun nan Amerik Latin ak nan Krayib la, se yon etid ki pase men pran yon vizyon doub: kriz la ki mache ak nesesite kèk chanjman pwofon epi ansanm dwa moun yo kòm fondasyon k ap soutni ak oryante transfòmasyon yo. Se dapre konsiderasyon pèspektiv sa yo, n ap prezante pi gwo konklizyon nou jwenn gras a etid sila a.

Edikasyon Jenn ak Granmoun nan ki vin ap pèdi viziblite, yon sitiyasyon pandemi an angrave.

Malgre Ministè Edikasyon ak Sekreteri yo kontinye founi edukasyon Jenn ak Granmoun nan kòm sèvis edukasyon, yo toujou fèmen nan kèk politik piblik k ap make pa sou plas, epi yo toujou mete l nan dènye pozisyon nan lis pwosesis ak ribrik bijè yo. Se toupatou nou jwenn Edikasyon Jenn ak Granmoun ap pèdi viziblite, menm nan sektè moun ki enterese nan konbat enjistis sosyal yo e ki angaje nan defann

dwa moun genyen pou yo jwenn edikasyon an. Nan moman epidemi mondyal sa a, Edikasyon Jenn ak Granmoun nan Amerik Latin ak nan Karayib la ap pèdi plis viziblite. E se pa sèlman poutèt Gouvènman yo ap neglije EJG a, men, se plis poutèt òganis entènasyonal yo pa ba l priyorite tou. INESKO bliye afè Edikasyon Jenn ak Granmoun nan Amerik Latin ak nan Karayib la, li pa parèt nan okenn rapò l yo e yo pa menm site non koze kon sa pou moun ta wè se bliye yo bliye l. Nan moman pandemi sa a, moun ki nan branch Edikasyon Jenn ak Granmoun nan vin gen plis tètchaje toujou pou yo kontinye travay, yo vin manke plis mwayen kòm travayè, paske yo pa gen posiblite jwenn koneksyon ak itilize zouti enfòmatrik yo epi paske yo vin gen yon bann pwoblèm fanmi yo oblije jere tou. Sitiyasyon sa yo egziste paske yo vin ap plis neglije EJG a akòz mank pwogram pou fè l gen plis viziblite nan mete resous ak èd disponib pou pèmèt moun yo kontinye etidye.

Pozisyon yo rezève pou Edikasyon Jenn ak Granmoun nan pèmèt yo kontinye aplike kèk politik nan sistèm edikasyon an san pyès kritik.

Pwoblèm mank viziblite Edikasyon Jenn ak Granmoun nan chouke anndan sistèm edikasyon an menm, se pozisyon yo rezève pou li a ki pa mache ak yon sistèm regilye pou jenn ak granmoun yo. Edikasyon Jenn ak Granmoun nan te tankou yon sistèm ki fèmen nan yon espas, se yon sektè ki pa twò nan danse kole ak yo seri inovasyon (chanjman) e mete sou sa, li pa t janm jwenn tout bourad li ta bezwen pou li devlope epi fè bon jan pwogrès. Nou pa ka fin twò jwenn esperyans ki demontre gen gwo chanjman nan: jan yo konprann modalite sa a, mòd jesyon l ak mòd aksyon li yo ki ta dwe itil pou l pèmèt moun jwi dwa pou yo jwenn edikasyon an. Menm lè gen anpil peyi ki pran mezi lalwa pou yo fikse kantite lane tout moun dwe fè lekòl, yo pa janm ka rive reyalize objektif sa a, paske yo pa janm gen kantite lekòl ki pou kouvri tout teritwa yo, pwoblèm timoun k ap kite lekòl anvan lè epi akòz pwoblèm kalite edikasyon an tou. Kon sa, vàn k ap ponpe moun ki bezwen edikasyon jenn ak granmoun nan toujou rete louvri e sistèm sa a vin tounen yon refij, yon lòt opsyon ak yon lòt mwayen pa rapò ak lekòl fòmèl la ; e malgre tout mank EJG a genyen yo, li ta dwe ofri moun sistèm fòmèl la mete deyò yo yon posiblite pou yo kontinye etidye. Rezon ki fè moun yo oblije abandone sistèm nan pa gen twòp pou l wè a sa k ap pase andeyò sistèm nan sèlman, men li chouke nan mòd politik edikatif ak aksyon edikatif yo menm. Se sou baz sa a, vin gen plis jenn ki pa ka evolye nan lekòl nòmal la paske yo pran lekòl sa a kòm yon aktivite pèdi tan.

Politik yo ki pa ni garanti dwa moun pou yo jwenn edikasyon an ni pou yo ede nan reyalizasyon ODD yo.

Genyen gwo peblèm pou yo prepare ak fè suivi politik Edikasyon Jenn ak Granmoun nan akòz yon mank enfòmasyon, tankou: enfòmasyon fyab ak enfòmasyon transparan. De twa enfòmasyon ki egziste yo gaye plizyè kote epi youn pa konekte

ak lòt e an jeneral, yo pa chita sou okenn done estatistik ki ofisyèl e ki konparab. Nan nivo Amerik Latin nan pa gen okenn modèl espesifik pou ranmase done sou Edikasyon Jenn ak Granmoun nan, youn nan sous yo toujou itilize se SITEAL la, men li pa gen enfòmasyon sou EJG a.

Bò kote mank enfòmasyon an, gen jan yo wè ak konprann kontèks lavi ak kondisyon lavi jenn ak granmoun yo ki ta dwe sèvi pou preparasyon politik ak pwogram yo epi pou yo fè suivi yo. Sa parèt aklè nan mank fleksiblite ki egziste nan nivo pwogram y ap pwopoze yo nan kalite metodoloji ak kontni yo ki manke konekte ak reyalye lavi benefisyè yo ak nan sistèm edikasyon an ki twò sevè(rijid), nan mank enstitisyon ki la pou yo fè fòmasyon sistematik pou pwofesè yo ak nan egzistans yon seri kourikoulòm ak apwòch pedagogik ki manke adapte. Pa gen yon apwòch sistematik ki pou ta fè Edikasyon Jenn ak Granmoun nan choue nan reyalye sosyal la, e se pou sa, li vin pa an mezi ede nan garanti dwa moun pou yo jwenn edikasyon an. Pandemi mondyal sa a vin fè politik sa yo pi pa kanpe sou anyen toujou, sa ki lakoz distans ak/oubyen inegalite ant sa moun yo bezwen yo ak kapasite pou sistèm nan satisfè bezwen sa yo, vin pi grav toujou. Ti mwayen fèb yo mete disponib pou sousektè a lakoz li pa ka bay rezilta vre e li lage nan repwoudi menm sitiyasyon li te la pou l rezoud yo. Mete sou sa, kalite politik ki egziste yo pa gen ase repondong ki ta pèmèt jefò reyalizasyon ODD yo ateri toutbon vre.

Malgre ODD yo pa rekonèt egzistans EJG a e li pa twò wè kouman li ka ede nan reyalizasyon yo tou, kalite politik y ap konsewa pou yo fè faskare ak pandemi sila a vin twò fèmen ak twò sevè e yo neglije divès pwen enpòtan, tankou: divèsite yo, dinamik konplèks ak dinamik patisipatif ki egziste nan kominote yo ak gwo wòl edikatè yo ap jwe pou pèmèt travay edikasyon an pa kanpe, pou li kontinye fè pwogrè epi pou li kontinye pote pi plis toujou nan pwogrè sistèm edikasyon an an jeneral.

Nan peryòd epidemi monyal la (pandemi an), yo pa twò rekonèt jenn ak granmoun yo kòm sijè ki gen dwa e sa pi grav toujou pou popilasyon moun ki pi pòv yo.

Majorite etid ki fèt nan moman pandemi an pa pale de koze Edikasyon Jenn ak Granmoun nan ditou. Men, rapò peyi yo ak rapò òganis entènasyonal yo souliyen nesite ki genyen pou manman, papa, rekonsab ak granmoun yo fè posib yo pou yo ede timoun yo-tifi kou tigason- aprann leson yo, pou yo ba yo tout sipò emosyonèl, pou yo kreye kondisyon pou timoun yo kontinye anmize yo, pou fini, yo dwe sèvi kòm monitè k ap ede aktivite alevini ant lakay ak lekòl la fèt san pwoblèm. Nan sans sa a, yo pa rekonèt jenn ak granmoun yo kòm sijè ki gen dwa, yo jis konsidere yo kòm sipò, sipò pou nouvo jenerasyon k ap parèt la. Pozisyon jenn ak granmoun yo tou fikse responsablite ak wòl yo kòm paran ak èd nan fanmi an e yo dakò ak sa tou natirèl; kon sa, sizoka gen kèk resous ki disponib,

yo dwe itil timoun yo anvan, nan sans sa a, yo pa twò fin rekonèt dwa lejitim moun sa yo pou yo gen edikasyon tou.

Pwoblèm pa rekonèt dwa moun pou yo jwenn edikasyon an plis frape kategori popilasyon ki apa yo. Sosyete yo toujou bezwen yon èd ki pou pèmèt yo kenbe e pèmèt yo kontinye egziste. Nan anpil kominote, sipò yo egziste, men, yo plis al jwenn medam yo, espesyalman medam ki gen anpil laj yo. Yo pa konsidere medam k ap viv nan kondisyon sa yo kòm sijè ki gen dwa, an jeneral, nan tèt pa yo, yo aksepte rete nan yon pozisyon enferyè (sibaltèn), youn nan rezon ki ka esplike sa, se mank motivasyon ki fèt pou yo ta ankouraje yo antre nan yon pwosesis pou yo kontinye fòme tèt yo. Nan peryòd pandemi sa a, yo vin plis bay medam yo wòl: pran swen lòt moun nan fwaye a ak nan fanmi yo tou, lè sa a, yo vin tonbe nan sitiyasyon kote yo vin pi an feblès, yo viktim plis inegalite ekonomik ak plis inegalite kòm travayè e yo vin gen plis difikilte pou yo jwenn edikasyon tou.

Nan menm lojik pou pouse do moun yo deyò sistèm ki chita sou estrikti yo, genyen popilasyon ki vin ap plis sibi sitiyasyon inegalite yo e ki vin gen mwens posiblite antre nan yon sistèm edikasyon. Rasis ak lahèn kont etranje yo se fòm sitiyasyon sa a plis pran e se popilasyon endijèn yo mete deyò nan sosyete a ki plis viktim sistiyasyon sa yo, menm jan ak popilasyon migran yo akòz mank resous peyi yo konn genyen yo. Sa vre tou pou ka moun ki nan prizon yo, kote se yon ti ponyen nan yo ki gen opòtinite kontinye etidye. Se menm sitiyasyon an pou ka moun ki pa metrize konn li ak ekri a e ki vin gen gwo pwoblèm pou yo adapte yo ak modalite edikasyon ki pa prezansyèl yo.

Ni nan rapò ki fèt sou peyi a ni sa ki fèt sou rejyon an, se yo tout ki denonse sitiyasyon kote gen anpil tifi, tigason ak adolesan ki kite lekòl. Nan peryòd epidemi mondyal la, edikasyon an, politik yo ansanm ak plan yo gen gwo limit pou yo satisfè bezwen pou aprenan yo kontinye etidye a, e kon sa, yo plis lage chay la sou do ti mwayen ak mank kapasite fanmi yo. Se rezon sa a ki fè, se etidyan ki soti nan sektè sa a ki gen mwens opòtinite e ki gen plis chans pou yo kanpe sou etid yo. E se timoun sa yo-tifi kou tigason- ansanm ak jenn sa yo nou jwenn ki toujou ale nan espas kote yo ofri ak fè Edikasyon Jenn ak Granmoun nan pou yo ka kontinye ak etid yo.

Analiz sitiyasyon jeneral la demontre politik ak aksyon espesyal ki fèt an favè kalite popilasyon moun sa yo pa bay rezilta nan peryòd epidemi mondyal la, sof pou kèk grenn ka, san nou pa bezwen al nan kontwole kantite a. Yo pa ni rekonèt, ni ede gwoup moun ki apa yo, yo ka benefisye kichòy nan kad pwogram jeneral edikasyon yo e ki pa gen pou wè ak EJG a menm, san pwogram sa yo pa konsidere divès pwèn kle yo, tankou: kesyon lang nan, kondisyon ak sitiyasyon zòn yo sou teritwa a ak kilti yo.

Peryòd pandemi sa a fè yo vin rekonsidere enpòtans ak angajman pwofesè yo-fanm kou gason- ak aprantisaj mityèl la kòm kle pou pèmèt reyalizasyon pwosesis fòmasyon yo.

Sa vin parèt aklè: koze kreyativite a, kapasite dyalòg la ak kapasite òganizasyon an chita sou sans responsablite ak sans angajman pwofesyonèl pwofesè yo ki kontinye fè kou yo konnen pou yo kontinye kore EJC a nan moman pandemi an. Etid la demontre tout pil estrateji pwofesè devlope pou yo pèmèt pwosesis la pa kanpe, pou yo toujou kenbe kontak ak aprenan yo gras a itilizasyon zouti teknoloji yo ak/oubyen nan vizit kay moun sa yo e menm gen nan yo ki envesti pwòp mwayen ekonomik pa yo. Etid la montre kouman bon jan metriz ak konesans travayè edikasyon sa yo genyen sou kad kominotè yo kapab itilize tou pou kore apui sosyoyemasyonèl ak ak sipò koyitif y ap bay yo, malgre moun sa yo te mete sante yo an danje pou sa fèt. Nan kontèks ki mande pou yo antre kò yo nan itilizasyon modalite vityèl yo, ; èd youn ap bay lòt la, posiblite dyalòg ant jenerasyon yo ki egziste nan nivo pwofesè yo te pèmèt yo dekouvri kapasite yo, sa fè yo vin bay tèt yo plis valè epi li fè idantite yo vin pi djanm toujou, Ansanm pwosesis sa yo vin pi klè pou tout moun e li demontre nesite pou gen fòmasyon sistematik, yon fòmasyon ki kole ak reyalye moman an, yon fòmasyon ki rekonèt idantite pwofesè yo kòm sijè ki gen dwa tou.

Mank posiblite pou tout moun jwenn teknoloji a ansanm ak zouti enfòmasyon yo vin lakoz plis inegalite.

Jan nou ka reyalize sa nan kad etid sa a, posiblite kominikasyon vityèl yo chaje limit, se pa pwoblèm teknoloji a ki pa twò disponib la ki genyen sèlman, men se rekonèt ak valorize espas kote moun yo rankontre youn ak lòt yo kòm espas pa yo e kote yo chita ansanm pou yo ka dekouvri sa yo genyen kòm potansyalite epi rive rekonèt tèt yo kòm “aprannt lejitim”. Inegalite sou plan dijital/nimerik tout moun rive konstate a lakoz jenn ak granmoun yo viktim yon inegalite ki doub : yo pa jwenn tout èd yo bezwen yo e yo chaje baryè vizib ak baryè envizib ki anpeche yo antre kò yo nan itilizasyon modalite an liy yo. Fòm kominikasyon moun sa yo plis itilize se whatsapp kòm rezo sosyal ki pi popilè a pou yo. Menm lè li se yon zouti ki ale nan yon sèl direksyon (inidireksyonèl) e itilizasyon l lan gen kòm objektif pou li agrandi rezo sila a nan founi plis sipò sosyoyemasyonèl. Men, sa pa anpeche itilizasyon l lan mande egzistans kèk kondisyon ekonomik nan nivo pèsònèl, nan nivo fanmi an ak nan nivo kominote a. Youn nan leson pandemi sa a plis aprann nou se: radyo a ki vin rejwenn tout enpòtans li te genyen anvan an kòm zouti kominikasyon ak kòm zouti aprantisaj, dayè, li se zouti ki pi disponib la e se li sèl ki kouvri tout lokalite yo. Kon sa tou, nou vin wè gen anpil moun k ap itilize pòdkas la pou yo travay sou baz oralite a, espesyalman pou popilasyon ki angaje nan pwosesis alfabetizasyon yo.

Neseite moun yo vin genyen pou yo monte sou platfòm nimerik yo gen anpil valè pozitif, lè nou konnen sa mande pou moun yo devlope kèk konpetans y ap bezwen pou yo viv nan monn jounen jodi a. Danje sa ka genyen pou sa ki konsène Edikasyon Jenn ak Granmoun nan, li ka vin lakoz lòt fòm esklizyon apati gwo mank mwayen pou mete zouti ak mwayen teknoloji yo disponib pou kapab konble inegalite nimerik ki deja egziste a, yon pwèn ki pèmèt nou lonje dwèt sou kontèks ki egziste nan Amerik Latin nan kote deja gen yon bann lòt fòm inegalite.

Moman pandemi an pèmèt moun wè aklè kouman modèl ki la a pèdi souf e kouman li chaje limit.

Enpòtans aprantisaj ant plizyè jenerasyon yo ak aprantisaj ant plizyè kilti yo vin parèt aklè. Nouvo espas aprantisaj ak nouvo tan aprantisaj yo vin mande pou yo bay edikasyon an yon lòt siyifikasyon ak yon lòt valè.

Nan moman pandemi an, genyen panpil sitiyasyon aprantisaj ant jenerasyon yo ki vin pi vizib, yo vin tounen espas echanj fonksyonèl ant timoun mete ak jenn ki pwofite ede granmoun yo pou yo ka sèvi ak nouvo zouti teknoloji yo oubyen se manman yo ak papa yo k ap moutre timoun yo fè travay nan kay la. Pandemi an louvri posiblite pou gen yon dyalòg espesyal, yon dyalòg transvèsal k ap fèt nan fanmi an, nan komionote a ak nan espas travay la. Nan tan kriz sa yo, espas dyalòg k ap louvri yo vin tounen yon fòm estrateji pou moun nan kominote yo kontinye siviv nan pataje kichòy ansanm, nan fè konbit pwodiksyon ansanm tou. Pandemi an redefini kontèks ki mande sistèm nan pou l fè yon pasemen nan sa l ap pwopoze kòm òf edikasyon an, kote non “fòmèl” la vin fè edikasyon an sanble ak yon pwosesis apa ki ta vle fè yo pran l pou yon sistèm fèmèn e ki ta kenbe l sou kote pa rapò ak kontèks la ansanm ak kondisyon lavi moun yo. Kontèks kote moun yo an mezi aprann pandan lavi diran an vin parèt pi reyèl ak pi posib tou, li pa parèt kòm yon fòm reparasyon oubyen kòm yon espas lajmanlaj pou akeyi tou sa ki vini nonplis. Aprantisaj ant jenerasyon yo, rekonesans ak valorizasyon espas rankont yo se yon manyè pou nou bay jenn ak granmoun yo plis valè kòm sijè ki gen dwa, kòm pwodiktè konesans ak kòm kreyatè lakilti.

Pwosesis edikasyon an ki pou kontinye, sante moun pou yo kontinye pwoteje, konstriksyon kominote a ansanm ak koze sitwayènte a rive fè gen plis timoun-tifi kou tigason-, jenn ak granmoun ki kontinye rapousuiv ak etid yo ; modèl òganizasyon sosyal pou pwoteksyon anviwònman an, solidarite a, respè pou konesans k ap pataje yo, refleksyon kiltirèl ak rekiprasyon kiltirèl la, kreyasyon pwojè pwodiksyon ak konsomasyon dirab yo; se kèk domèn kote n ap gen pou n fè espèyans ladan yo, chak jou ki jou espesyalman nan espas ak nan anviwònman famiyal ak kominotè yo, gras ak yon EJG ki byen chita e ki chaje opòtinite.

Mank rechèch ki lakoz plis pwoblèm pou pwodui konesans ki konsène Edikasyon Jenn ak Granmoun nan.

Pou sa ki konsène Edikasyon Jenn ak Granmoun nan, pa gen anpil done ki egziste sou li, tankou done piblik, done egzat ak done moun ka fè konfyans, mete sou sa, pa gen twòp rechèch ki fèt sou sa tou e ki ta ka pi byen kore demach pwodiksyon konesans lan. Mank rechèch sa a mache kòtakòt ak mank disponiblite politik piblik ki konsène tèm sila a e sa demontre ti degre enpòtans EJG a genyen nan inivèsite a ak nan lòt espas pwodiksyon konesans yo. Jan nou ka wè sa nan etid la, yo pale de yon sèl esperyans kote gen yon pwogram Doktora k ap fèt sou EJG a nan ALK a. Sa ka fè nou konprann menm kominote akademik la pa ret kanpe sou EJG a e sa ki ede nan majinalize l. Se pou sa, mepri yo genyen pou EJG a pran de (2) fòm: sektè edikasyon an neglije l e sosyete a bliye l.

Anpil fwa, yo pa menm enterese pou yo konnen ki sa rechèch ki pou ta fèt sou EJG a ta kapab pote nan demach pwodiksyon konesans lan. Pa gen twòp rechèch ki pou ta demontre kouman EJG a ap konstwi idantite pa l pa rapò ak lòt rezon sosyal asansanm ak lòt enstitisyon sosyal yo, yon relasyon ki ta ale pi lwen pase sa l genyen avèk sektè edikasyon fòmèl la. Yo pa valorize nesans ak pwogrè yon branch konesans espesyal ki pase men pran divès branch konesans ki konekte plizyè disiplin syans sosyal mete sou syans k ap etidye lavi (biyoloji). Yo poko apresye gwo enpòtans sa genyen pou yo apwofondi demach pwodiksyon konesans lan apati pwosesis politik patisipatif ak pwosesis pedagogik patisipatif yo. Se kèk grenn chèchè ki chita fè travay sistematik sou nesite aprantisaj moun yo kòm baz pou yo konsewa ak pwopoze politik ak pwogram; e pi espesyalman nan peryòd epidemi mondyal la, ki louvri yon espas pou tout moun rekonèt nouvo posiblite pou fè bon chnjan nan kourikoulòm ak nan estrateji pou yo ede pwofesè yo-fanm kou gason- fè travay yo.

REKÒMADASYON

Nan sitiasyon kriz ki egziste nan kontèks jounen jodi a, pwosesis preparasyon CONFITEA VII la reprezante yon okazyon pou nou konstwi lòt apwòch altènatif ki konsène EJG a. Menm mo kriz la vin gen sans chanjman, tranzisyon oubyen yon faz definisyon pou amelyorasyon trajektwa nou kòmanse suiv la e li siyifi yon lòt pèspektiv/vizyon pou demen an tou. Nou dwe toujou sonje nan kad “Konferans lan” yo pral analize esperyans aprantisaj ki bay rezilta yo ansanm ak politik edikasyon granmoun nan apati lide edikasyon pou lavi diran an, tout pandan y ap kontinye voye je gade Objektif Devlopman Dirab (ODD) Nasyonzi yo.

Se pou sa li enpòtan pou nou soulyen: pwosesis preparasyon sa a fè yon egzijans, yon apèl ki chita sou nesite pou nou “Bay patisipasyon pa nou nan konstriksyon dwa moun nan, jistis sosyal la, valè nou pataje ansanm yo ak koze dirabilite a”;

tou sa dwe fèt nan sans kote nou konnen nou rive nan yon kafou kote limanite ap egzije bon jan chanjman sosyal an pwofondè epi nan mannyè nou t ap evolye ak anviwònman nou an. Nan kad Konsiltasyon Soureyjyonal sou Edikasyon Jenn ak Granmoun nan Amerik Latin ak nan Karayib la « Tèt Dwat sou CONFITEA VII la », nou konsidere kat (4) estrateji: pwodiksyon konesans lan, ranfòsman pwomosyon patenarya (alyansay), ranfòsman kapasite ak èd pou preparasyon politik yo. Eleman debaz k ap pèmèt nou dyaloge ak lòt pwosesis preparasyon yo e ki fè nou rive mete tèt dwat sou CONFITEA VII la. Kon sa, nan lide pou nou rive pote patisipasyon pa nou nan pwosesis la, n ap prezante rekòmandasyon ki soti nan etid nou reyalize a epi sou jan nou wè demen an tou.

Elaborasyon yon lòt literati pou EJG a

Kondisyon pandemi an ede n idantifye ak apwofondi yo egzijje preparasyon yon nouvo literati paske etid la demontre tout limit ak feblès modèl definisyon ak modèl aksyon EJG a genyen yo. Lòt fason pou nou konprann EJG a dwe ede nou travay pi serye pou n defini domèn aksyon l yo yon lòt jan epi pou n pwodui konesans k ap itil nan konsevwa ak enplemanje politik ak pratik k ap pèmèt yo garanti dwa moun pou yo jwenn edikasyon an kòmsadwa. Sa se pi gwo defi ki devan nou e se li tou ki reprezante fondasyon ki bay lòt rekòmandasyon yo tout siyifikasyon yo tou.

Rekonsidere tradisyon edikasyon nan Amerik Latin nan, yon tradisyon ki vin pi modèn gras a konesans nou rive devlope atravè edikasyon popilè a; menm jan tradisyon sa a chita sou baz yon travay pou sistematize tout espèyans Gouvènman yo genyen ki fèt pou yo ankouraje respè dwa moun pou yo jwenn edikasyon an, sitou pou moun k ap viv nan kondisyon ki pi difisil yo. Nou dwe gen yon fòm EJG ki vin gen plis dimansyon e ki pa egziste sou baz majinal la ak konsepsyon kote yo pran l pou yon espas akèy pou tout moun lòt sistèm nan rejte yo. Men, fwa sa a, se pou yo panse fè l chita sou vizyon imanis la pou kore reyalizasyon plizyè aksyon an favè jenn ak granmoun yo, kominote yo, bezwen yo ansanm ak enterè yo. Sa ap mande pou yo mennen plizyè lòt aksyon edikatif y ap reyalize apati brasaj plizyè kilti ansanm ki pral sèvi kòm platfòm dyalòg sou pwoblematik, tankou: rapò ant fanm ak gason nan sosyete a, kesyon entèjenerasyon an ak aksyon etni yo pou nou an mezi konstwi yon lòt kalite lyen pedagogik.

Aprantisaj pou lavi diran an ansanm ak valè l ap fè pwomosyon pou yo a kapab fè lide dirabilite a vin pi rich menm jan ak prensip solidarite a ansanm ak prensip koperasyon an ki vin tounen pwen santral nan ajanda sosyèl la akòz pandemi an menm. Se sa k fè nou dwe pran angajman kore edikasyon pou lavi diran an, lavi sosyal ak lavi natirèl la, ansanm ak tout apwòch ak kategori, tankou: biyopolitik, biyoyetik ak prensip byen viv la.

Ansanm rekòmandasyon ki fèt pou n gen yon lòt literati a dwe itil pou kore reyalizasyon ODD e yo pa dwe pase akote nesesite pou n konstwi yon vizyon ki pi laj epi pou n konstwi yon pèspektiv ki pèmèt nou genyen yon vizyon ki pi global e ki pi klè lontan sou EJG a, sou sitiyasyon sosyal li e sa l genyen kòm opòtinite edeikatif pou tout sosyete a epi pou n fè kondisyon anvwònman an vin miyò.

Pèmèt yo wè yon lòt modèl EJG sou plan nasyonal ak nan nivo entènasyonal la

Yon mannyè pou kominote entènasyonal la wè Edikasyon Jenn ak Granmounn nan yon lòt jan, sa mande pou nou konsidere kontèks kote gen lòt konpreyansyon ki vin ap devlope ansanm ak lòt mannyè yo vin wè benefisyè EJG a kòm sijè ki gen dwa e ki kapab mete baz pou gen bon jan angajman ki pran apati kad koperasyon yo ak reyalizasyon politik piblik yo. Pou sa ki konsène kad sistèm edikasyon nasyonal yo, sa mande pou nou ranfòse espas espesifik yo, pou nou rekonèt nivo transvèsal yo nan mezi sa ka fè edikasyon an jeneral vin pi rich e ki pi an mezi vini ak yon seri pèspektiv ak aksyon ki pral itil nan reyalizasyon divès objektif sosyal yo.

Fè bon jan chanjman nan relasyon ki egziste ant EJG a ak sistèm edikasyon nasyonal yo

Konstriksyon divès sousistèm edikasyon EJG yo nan kad sistèm edikasyon nasyonal yo dwe fèt nan menm moman kote gen yon travay k ap fèt pou tout pati nan sistèm yo travay ansanm epi pou yo vin pi solid. Ansanm sousistèm sa yo dwe gen kòm misyon: fè travay jesyon an nan tèt kole ak plizyè òganis, ak plizyè konsèy ki konekte ak plizyè sektè ansanm ak plizyè enstitisyon nan lide pou yo garanti dwa moun pou yo jwenn edikasyon an epi pou fè kote piblik ak kote gratis li a vin gen plis fòs toujou. Lòt modèl jesyon n ap pale a ki dwe konsidere kondisyon edikasyon ki egziste jounen Jodi a pou li pran yon lòt fòm ki fè l vin pi adapte ak tan aprantisaj ansanm ak espas aprantisaj la ki vin ap evolye menm jan ak pwoseis edikasyon an menm ansanm ak modalite yo. Pozisyon kafou kat (transvèsal) EJG a genyen an dwe tounen yon reyalite pou tout moun e li dwe pèmèt nou reyalize objektif enstitisyonèl yo, e mete sou sa li dwe fè koze dwa moun pou yo jwenn edikasyon an tounen potomitan tout sousistèm nan.

Demach pou nou vin gen yon seri politik tou nèf e ki pi kole ak reyalite kontèks yo

Se pou nou rive prepare politik Leta yo ki chita sou divès aksyon ki pou garanti dwa tout moun-fanm kou gason- pou yo jwenn edikasyon an. Nan sans sa a, gen nesesite pou n devlope plizyè estrateji finansman bò kote Gouvènman yo, ensatitasyon patnè yo ansanm ak estrateji ki pou chita sou baz divès enstitisyon,

plizyè sektè ak sou yon bon kad koperasyon. Li nesesè pou pratik yo chita sou pwèn enpòtan, tankou: finansman an, konstriksyon lòt altènativ edikasyon ki chita sou lòt kontèks epi sou ansanm akò ki makònen ak dizon patisipasyon yo ak dizon enstitisyon ki fleksib e ki byen konsidere prensip koperasyon ak prensip solidarite a.

Rekonsidere tout kosepsyon ki sèvi kòm baz pou politik yo, defini pwoblèm piblik yo epi pou yo rezoud yo tou, kòm eleman baz pou yo defini estrateji, aksyon ak ajanda yo. Nan menm lide sa a, sa mande konsepsyon ak enplemantasyon politik ki konekte divès dimansyon ansanm, tankou: dimansyon lokal, dimansyon etatik ak dimansyon nasyonal la; e tou sa dwe fèt nan moman y ap kòmanse aplike estrateji ak politik sa yo. Nan nivo sa a, EJJG a deja gen potansyalite l: resous ssyal ak resous kiltirèl ki kapab pèmèt li konstwi politik sa yo apati nivo lokal yo.

Fè pase men nan ansanm enstitisyon ki reprezante baz EJJG a

Kesyon enstitisyon yo ki chaje mank lan dwe rezoud apati yon seri aksyon ki byen kadre, yon seri resous ansanm ak jefò pou nou jwenn koperasyon tout eskèt ki ngaje nan defann dwa moun pou yo jwenn edikasyon an, pandan tout lavi yo, nan lavi sosyal ak lavi natirèl yo. Chanjman sa yo ap mande fleksibilite nan tan yo, nan espas yo, nan modèl pedagogik yo, fòm ak moman validasyon yo, rekonesans konsepsyon yo ranmase pandan lavi a ak nan tout espas edikasyon EJJG a. An menm tan tou, travay chanjman sa yo ap mande pou yo rekonsidere ansanm kontèks ak analiz kritik misyon, vizyon ak etik enstitisyon ki demontre kapasite koyerans ki egziste ant pwopozisyon ak aksyon yo genyen yo nan kad responsablite sosyal yo epi apati kontak yo rive devlope tou avèk moun yo sou baz sa yo genyen kòm dwa.

Rekonesans divèsite a ak divès kalite sijè dwa ki genyen nan EJJG a

Garanti rekonesans tout moun-fanm kou gason – kòm sijè ki gen dwa e pa sèlman kòm sijè ki dwe sèvi kòm sipò pou yo ede timoun-tifi kou tigason- ak adolesan pou yo kontinye etidye jan etid la montre l la. Menm jan an tou, fòk pratik k ap fèt nan kad EJJG a pou kesyon divèsite a pa fè l tounen yon lòt sous inegalite, tankou jan n ap konstate sa nan Amerik Latin nan bò kote popilasyon endijèn ak popilasyon k ap viv andeyò yo ki vin pa ka kontinye etidye ankò akòz mwayen yo pa genyen nan peryòd epidemi monyal la.

Li nesesè pou nou rive rekonèt sijè yo kòm sijè ki gen dwa pou yo fè dyalòg, pou yo menm tou rive pwodui divès pwopozisyon sou baz antant yo rive tabli antre yo sou sa epi sou baz sa yo genyen kòm divèsite. Patipasyon pa yo ansanm ak tout fòm ak tout mwayen yo ka pase pou yo fè sa., paregzanp atravè mouvman sosyal yo ki enpòtan anpil pou nou rive konstwi divès fòm solidarite sosyal ak antant sosyal yo.

Revalorize ak onore travay pwofesè yo

Rekonèt edikatè yo-fanm kou gason- kòm sijè ki gen dwa, ba yo bon jan materyèl pou yo pratike metye a, epi pèmèt yo jwenn mwayen ak posiblite pou yo itilize nouvo teknoloji yo. Pwofesè-fanm kou gason bezwen èd pedagogik, tankou : yon fòmasyon gratis, yon fòmasyon sistematik ak yon fòmasyon ki kapab ede yo satisfè bezwen aprantisaj ki egziste jounen jodi a, ansanm ak lòt fòmasyon ki konsène domèn lasante a kòm lòt sipò nesè nan kad travay y ap reyalize chak jou ki jou a.

Depi yon bout tan, esperyans edikasyon k ap fèt nan Amerik Latin ak nan Karayib la, esperyans k ap kontinye fèt menm pandan peryòd pandemi an gras a angajman pwofesè yo-fanm kou gason- genyen yon kokennchenn enpòtan pou nou rive devlope pi bon rankont pedagogik; se pou sa genyen yon rekòmandasyon ki mande pou aktivite sa yo toujou kontinye fèt epi pou yo konsidere kontribisyon evènman sa yo nan kad aktivite konsepsyon divès modèl edikasyon ak pratik edikasyon yo.

Sitwayènte nimerik la

Koze edikasyon an k ap antre kò l fon nan itilizasyon zouti nimerik ak mwayen kominikasyon yo vin tounen yon veritab defi pou tout Gouvènman yo pou pèmèt tout moun jwenn ak itilize zouti sa yo gratis, pou yo sèvi avè yo san danje, pou yo jwenn tout enfòmasyon sou kouman pou yo sèvi avè yo epi pou yo tabli kondisyon sosyal ak kondisyon kominotè pou itilizasyon nimerik lan tounen yon realite toutbon vre.

Pwomosyon ak ranfòsman koze sitwayènte nimerik la dwe garanti dwa tout moun genyen pou yo jwenn ak itilize nouvo zouti teknoloji kominikasyon yo ansanm ak tout enfòmasyon valab, sa ki dwe fèt sou baz yon pozisyon ki byen reflechi, kote y ap ede moun yo pou yo pa rete senp konsomatè platfòm, sitwèb, rezo sosyal ansanm ak lòt zouti kominikasyon yo k ap fè gwo antrepriz kominikasyon entènasyonal yo vin pi rich toujou. Li vrèman enpòtan pou nou konprann ki kalte mòd relasyon k ap devlope atravè zouti sa yo, tout kalite posiblite laj yo ofri yo ansanm ak tout kalte limit yo genyen yo tou. ; malgre y ap ede vre, men, yo pa dwe janm ranplase relasyon sosyal yo oubyen yon lyen pedagogik.

Sitwayènte nimerik la mache ak koze aksè a ansanm ak rekonesans pozisyon ak fòm zouti nimerik sa yo ap genyen nan sektè politik, sektè lakilti, sektè travay, sektè edikasyon an epi kouman zouti sa yo pral itil nan garanti dwa ak respè lavi prive moun.

Pwodui konesans

Nan sans laj la, pwodui konesans nan kad EJG a ak konesans sou EJG a se yon posiblite ki vin genyen pou nou konprann kontèks yo ak transfòme yo. Li endispansab pou nou konnen pou nou an mezi pran desizyon. Konesans se yon byen tout moun gen dwa pou yo jwi e se atravè pwosesis edikasyon an pou dwa sa a tounen reyalyite e k ap vin ban nou mwayen depase vizyon itilite a epi pou nou rive fè balans lan panche bò kote konstriksyon sijè yo, bò kote yon seri aksyon ak pwojè ki an favè lavi ak tout sosyete a.

Nou konstate tout valè aspè afektif ak aspè sosyoyemasyonèl yo genyen kòm potomitan: pwodiksyon, jwisans ak itilizasyon konesans lan nan yon pwosesis edikasyon ak pwosesis rechèch yo. Se nan sans sa a, li vin nesèsè pou nou rekonèt tout domèn sa yo tou.

Konstwi yon sistèm suivi

Konstwi yon sistèm suivi yon manyè pou nou rann sosyete a kont epi k ap ede nan demach pou pran desizyon epi pou fè rechèch edikatif ki konsène EJG a. Sa ap made egzistans yon sistèm ki chita sou done ki aktyèl, done ki disponib, done transparan, done solid ak done moun ka fè konfyans e ki mache ak endikatè k ap pèmèt suivi dwa moun pou yo jwenn edikasyon an fèt pi byen toujou.

Pi bon finasman nan transparans ki fèt nan respè prensip yo e ki konekte ak reyalyite a

Tout rekòmandasyon nou site anvan yo ap vlalab si Gouvènman yo dakò mete tout finansman nesèsè yo disponib pou reyalizasyon objektif yo. Se yon lòt fòm pou bay EJG a vizibilite l bezwen an epi pou nou ba l fòm jistis sosyal k ap pèmèt li garanti dwa tout moun pou yo jwenn edikasyon an.

Bò kote obligasyon Gouvènman yo genyen pou yo respekte pati sa a, yo vin gen egzijans pou yo veye sou bon jan distribisyon resous yo san paspouki, pou yo itilize yo nan respè prensip yo ak dapre reyalyite ki egziste a epi pou yo rann bon jan kont nan transparans bay sosyete a lè pou sa fèt la.

Fè pasemen nan siyifikasyon ak estrikti Konferans Entènasyonal yo k ap fèt sou Edikasyon Jenn ak Granmoun nan

Renouvle lide fòs yo ansanm ak aksyon yo gras a preparasyon yon bon jan ajanda itil nan tètansanm nan pèspektiv pou n konstwi yon monn ki gen jistis ak yon

bon relasyon vivansanm ant moun ak moun epi ant moun ak anviwònman an. Vini ak kontni k ap konsidere defi k ap pwente yo epi ki dwe chita sou tout baryè pandemi sa a lonje dwèt sou yo kòm enpòtan, tankou: prezans zouti teknolojik yo ak zouti elektwonik yo nan lavi moun.

Estrikti dyalòg ak estrikti patisipasyon nan konferans yo menm jan ak ansanm angajman nou rive pran yo dwe ede nou kreye kondisyon pou nou mete tou sa n genyen ansanm (yon sinèji), pou nou fè suivi e kontinye sèvi ak kad aksyon ki soti apati reyalizasyon gwo woumble sa yo. Angajman pou reyalizasyon yo ki dwe konekte ak jefò pwodiksyon konesans lan ak travay suivi politik la se yon seri gewo reskonsablite ki pa dwe janm rete dèyè.

ORYANTASYON ESTRATEJIK

Nan peryòd XXI^{yèm} syèk la, tout politik piblik yo mande pou gen patisipasyon tout aktè yo nan kad desizyon y ap pran yo ansanm ak yon apwòch ki touche plizyè dimansyon yon sèl kou epi ki makònen plizyè sektè pou yo kapab manyen tèm inegalite a ansanm ak devlopman sosyete yo. Nan Amerik Latin ak nan Karayib la, sèl jan pou nou idantifye inegalite nou yo se chèche idantifye rasin pwofon inegalite sosyal la, yon fason pou nou pèmèt tout moun jwenn plas yo ak jwe wòl yo pou yo rive konprann sa sosyete a genyen kòm potansyalite ak chwa. Sa dwe fèt nan pase men pran yon apwòch ki konekte pklizyè kilti ansanm kòm espas rankont k ap fè pwomosyon pou respè ak egalite a; e sa dwe fèt toujou nan kad vizyon yon transfòmasyon sosyal ak yon volonte pou fè gen lavi miyò ak jisits sosyal.

Defi a se rive fè pwogrè apati prensip dwa moun pou yo jwenn edikasyon an kòm youn nan dwa ki pi enpòtan epi kòm yon devwa Leta a ki enskri nan konstitisyon pi fò peyi nan Amerik Latin ak nan Karayib la ki genyen kòm pèspektiv/vizyon yon demen kote politik nan domèn aprantisaj ak nan domèn Edikasyon Jenn ak Granmoun nan ap an mezi pote ak jere tou sa divèsite a genyen kòm dimansyon ak konplikasyon, menm jan li dwe fè sa pou kad estriktirèl la.

Apati tout konsiderasyon sa yo epi nan lentansyon pou nou tabli yon seri liy oryantasyon kòrèk k ap ede Leta a pou l pran desizyon politik ak aksyon epi reyalize aksyon ki konsène EJG a pou li an mezi fè faskare ak sitiyaasyon pandemi sa a k ap monte desann tanzantan an, mete sou defi ki egzije bon jan chanjman ak viziblite a; nou prezante liy oryantasyon sa yo ki dwe sèvi kòm baz diskisyon ak analiz nan nivo chak peyi yo ak nan nivo rejyon an. Liy oryantasyon sa yo soti nan konklizyon ak rekòmandasyon ki vin anvan yo kòm kèk angajman nou te rive tabli nan Kad Aksyon Belèm nan.

1. FÈ PASEMEN NAN LITERATI EJG A KÒM YON DWA MOUN, MENM JAN SA DWE FÈT NAN FONDASYON L, POLITIK LI ANSANM AK AKSYON L YO.

- a.** Nan tèt kole ak Gouvènman, òganizasyon sosyete sivil, òganis entènasyonal ansanm ak tout aktè EJG a konsène yo, rive pran yon ansanm inisyativ pou nou rive analize ak fè pasemen nan literati ki konsène Edikasyon Jenn ak Granmoun nan apati respè dwa ak kondisyon lavi moun yo epi nan konsidere kriz sivilizasyon ki la a.
- an.** Fè demach pou n chita ak òganis entènasyonal kou rejyonal, menm jan ak Gouvènman nasyonal yo pou n ka gen yon pozisyon piblik ak yon pozisyon ki klè kou dlo kòk sou sa EJG a ye sou baz yon lòt literati tou nèt.

2. FÈ EJG A GEN BON JAN VIZIBLITE SOU PLAN NASYONAL KOU NAN NIVO ENTÈNASYONAL LA NAN FÈ LI CHITA SOU RESPÈ LIDE PRENSIP DWA YO ANSANM AK PRENSIP LEJITIMITE SOSYAL LA.

- a.** Fè EJG a antre nan divès epas koperasyon rejyonal kou espas koperasyon entènasyonal nan fè l mache kòtakòt ak plizyè domèn devlopman ak sipò sosyal.
- an.** Sèvi ak zouti kominikasyon nasyonal kou zouti kominikasyon entènasyonal yo pou n kontinye kreye anbyans ki favorab pou reyalizasyon EJG a kòm yon ansanm dwa ki makònen ak egzistans moun nan menm e ki fè l vin gen plis kapasite, mete sou tout avantaj pèsonèl li trennen dèyè l yo, sou kontribisyon li ka pote pou tout sosyete a, sou enpòtans li epi sou kapasite EJG a gemyen pou li ranfòse diyite moun k ap patisipe ladan n yo.
- b.** Fè òf edikasyon jenn ak Granmoun y ap pwpoze yo chouke nan reyalyte kominote yo sou yon apwòch teritoryal, yon jan pou yo rekonèt ak ranfòse kominote a kòm yon espas ki ofri moun nan popilasyon an divès opòtinite aprantisaj menm jan li rive fè sa pou tout divèsite yo.
- ch.** Fè tout inisyativ ak pwogram edikasyon kominotè yo, pwogram fòmasyon ak pwogram antreprenarya yo mache ansanm epi fè yo konekte ak divès sektè ekonomi an, branche yo sou domèn pwodiksyon k ap fèt nan avantaj moun yo ak kolektivite yo, menm jan ak ansanm aksyon ankadreman yo.

- d.** Fè yon travay simaye enfòmasyon sou tout posiblite ak kontribisyon EJG a gen kapasite ofri yo nan radyo kominotè, sou rezo sosyal, nan epas aksyon tètansanm ki egziste nan nivo lokalite yo ak nan nivo teitoryal yo (konsiltasyon, kolèj, minisipalite ak lòt ankò); e pi espesyalman atravè aksyon kominikasyon dirèk yo ki la pou ede nan ankadre ak ranfòse pozisyon moun yo ak gwoup yo genyen nan kominote a.

3. DEFINI DIVÈS POLITIK POU PÈMÈT LETA A BAY EJG A PLAS LI MERITE ANNDAN SISTÈM EDIKASYON NASYONAL YO AK NAN ESTRIKTI LI YO.

- a.** Mete yon seri kad legal sou pye ki pase men pran kad konstitisyonèl la jouk rive nan lwa, nòm ak regelman sou edikasyon an, kit se nan nivo nasyonal, kit se nan nivo lokal e ki pral kore ak ranfòse pratik EJG yo kòm dwa ak obligasyon Leta genyen pou li mete yo ann aplikasyon.
- an.** Kreye divès sousistèm nan kad EJG a annadan estrikti ministè edikasyon nasyonal yo ki pou an mezi pote viziblite ak otonomi sa a e ki pou pèmèt vizyon entèsektoryèl ak vizyon transvèsal la kwaze.
- b.** Devlope yon estrateji lajmanlaj ki chita sou patenarya ant plizyè sektè e ki byen chouke nan jefò pou ranfòse kapasite jesyon lokal ak kapasite patisipasyon sosyal nan branch edikasyon an e pi espesyalman nan sousektè EJG a.
- ch.** Valide zouti patisipasyon nou rive mete kanpe ak sosyete sivil la ansanm ak tout aktè nan EJG a, yon seri zouti ki transparan e sèvi avè yo yon fason sistematik pou nou rive nan definisyon ak evalyasyon politik li yo, pwogram li yo, kourikoulòm li a, materyèl li yo, fòmasyon li yo, sistèm jesyon edikatif li a ansanm ak operasyon li yo.
- d.** Vini ak pwogram ki adapte pou pèmèt jenn ak granmoun sistèm nan mete deyò yo kapab gen posibite retounen ladan n.

4. FÈ PASEMEN NAN ASNANM ENSTITISYON NAN LETA YO KI REPREZANTE BAZ EJG A EPI RANFÒSE ENSTITISYON SA YO TOU.

- a.** Fè pratik enstitisyonèl piblik yo chita sou lòt pi bon baz e ki makònen ak yon vizyon respè prensip dwa yo, ki mete plis fòs sou gwoup yo mete sou kote yo, sou travay sou divèsite teritoryal la ak divèsite sijè yo epi ki pase men pran koze sitwayènte nimerik la.

- an.** Ranfòse ak laji kote sektoryèl ak kote entèsektoryèl ki egziste nan nivo EJG a ki fè l tounen yon pati nan divès pwogram y ap aplike pou yo fè ODD yo tounen reyalite a epi pou l makònen ak divès eleman ki prezan nan pratik, pwogram ak aksyon li yo ki gen pou wè ak domèn tankou: edikasyon, santé, anplwa, anviwònman, byennèt fanmi an, devlopman kominotè a ak lòt ankò; yon mannyè pou oryantasyonn estratejik ak resous yo rive mobilize yo kapab vin amonize youn ak lòt epi ka egziste kòtakòt, jan sa dwe fèt la.
- b.** Ranfòse relasyon sinèji ak angajman ki egziste ant diferan nivo nan Gouvènman yo, nan nivo nasyonal ak nan nivo lokal yo pou n rive konsevwa yon ansanm estrateji ak oryantasyon estratejik nan kad EJG a epi pou n rive sèvi avè yo toubon.
- ch.** Fè pwogrè nan entegrasyon kad klasifikasyon etid ak travay yo pou pèmèt moun yo fè chwa pwofesyon yo vle a, menm jan ak sistèm Rekonesans, sistèm Validasyon ansnam ak sistèm Akreditasyon Konesans yo ranmase nan kèlkilanswa domèn ak kèlkilanswa moman nan lavi yo.
- d.** Ranfòse sistèm jesyon resous k ap ede nan amelyore kondiyon espas edikatif yo menm jan ak lòt kalte sipò, tankou: manje, traspò, sibvansyon pou bay bous yo.

5. AMELYORE KALITE AK ITLITE EJG A APATI YON VIZYON GLOBAL KI PASE MEN PRAN DIVÈSITE A.

- a.** Sou baz respè prensip patisipasyon an, travay pou nou fè bon jan pasemen nan kourikoulòm, prensip regleman (nòm yo) ak prensip jesyon EJG a, ranfòse travay sa a epi sèvi ak rezilta li yo toutbon pou nou ka pèmèt eleman li yo vin pi itil, yo vin pi enteresan ak pi prarik epi fè yo pase men pran nouvo estrateji k ap parèt yo ansanm ak koze devlopman dirab la. Sa dwe fèt kon sa, pou fè EJG a fonksyone sou baz yon orè fleksib ansanm ak yon seri espas ki fleksib tou ansanm ak yon mannyè pou EJG a ka byen adapte ak pi byen chita sou koze divèsite a ansanm ak divès kontèks espesyal ki mache avè l yo.
- an.** Ankouraje monte rezo ant patisipan ki nan EJG a nan lide pou nou kapab rann teritwa ak kominote yo pi lejitim nan konsidere yo kòm bon jan espas aprantisaj ak espas lavi kote moun an mezi fè tout kalte esperyans aprantisaj.
- b.** Ankouraje kreyasyon pwogram ki gen pou wè ak kèk domèn enterè espesyal k ap pèmèt gen fòmasyon k ap bay e ki touche anpil branch, tankou: filozofi, espresyon atis, espò, menm jan ak fòmasyon nan metye oubyen pou yo prepare benefisyè yo pou yo rapousuiv ak etid siperyè yo.

6. REKONÈT GWROUP YO METE SOU KOTE YO AK GWROUP ESPESYAL YO EPI BA YO POSIBLITE JWENN EJG A.

- a.** Pèmèt tout moun wè tout karakteristik ansanm ak tout pwoblèm divès gwoup moun k ap papatisipe yo genyen, menm jan ak sa yo genyen kòm nesosite ak ezijans sosyoyedikatif, sou baz yon apwòch ki makònen plizyè sektè ansanm.
- an.** Sèvi ak politik ki chita sou relasyon fanm ak gason nan sosyete a ak politik lang epi fè pwomosyon pou yo, sitou pou politik ki chita sou kilti moun yo, kondisyon ak bezwen espesyal yo, tankou pou sila yo ki fèmèn nan prizon, e mete sou sa, fè yon suivi transvèsal tout pwogram piblik ak tout aksyon piblik ki soti bò kote tout sektè k ap travay nan kad EJG a.
- b.** Rekipere ak devlope pwopozisyon espesifik pou chak gwoup ak chak divèsite yo, pwopozisyon ki chita sou prensip tout gwoup anndan an, prensip kalite ak prensip itilite a.

7. DEVLOPE YON PWOSESIS FÒMASYON/ANKADREMAN KONTINI POU PÈMÈT PWOFESÈ- FANM KOU GASON- K AP TRAVAY NAN EJG A VIN PI PWOFESYONÈL.

- a.** Reyalize etid k ap pèmèt nou konnen ak konprann kondisyon patisipasyon, kondisyon salè ak kondisyon travay pwofesè nan Edikasyon Jenn ak Granmoun nan, yon seri etid ki oryante pou reyalizasyon aksyon ki makònen plizyè sektè ansanm pou amelyorasyon tout kondisyon sa yo.
- an.** Konsevwa ak aplike politik ki konsène pwofesè EJG yo ki konsidere pakou ak karyè yo pou patisipasyon ak fòmasyon yo; pou yo vin gen plis rekonesans ak ankourajman pou yo antre nan yon veritab pwosesis sosyalizasyon, epi pou yo bay patisipasyon nan chwa politik yo, nan fason yo elabore politik sa yo epi ki makònen ak sa yo genyen kòm estrateji ak metòd.
- b.** Rekipere ak konsevwa estrateji kreyasyon ak ranfòsman demach tètansanm ant divès enstitisyon akademik ak enstitisyon edikasyon, ant espesyalis ak enterese nan nivo lokal la epi vini ak estrateji pou kontinye kore ak patisipe nan fòmasyon.
- ch.** Mete yon kad klasifikasyon ak sistèm kritè kanpe pou rekonesans, validasyon ak akreditasyon konesans pwofesè yo ranmase nan kèlkilanswa espas ak kondisyon yo.

- d.** Reyalize esperyans fòmasyon, modèl fòmasyon ak pwosesis fòmasyon pou pwofesè ak edikatè nan tout nivo epi apati diferan modalite edikatif yo sou baz yon vizyon ki konekte tout konesans sa yo ak sitiyasyon k ap parèt yo, tankou: byennèt sosyoyemasyonèl la, itilizasyon teknoloji yo ak aprantisaj ant jenrasyon nan nivo fanmi ak nan nivo kominote yo.
- e.** Sèvi ak pwogram nòmal la oubyen pwogram fòmasyon mèt pou pwofesè ki pral antre nan EJG a pi espesyalman.
- f.** Konstwi rezo vityèl ak rezo prezansyèl pou echanj san rete ant pwofesè, rezo ki gen koneksyon ak inivèsite ki ap kore estrateji pou amelyore kalite ak itilite EJG a epi k ap amelyore ak apwofondi fòmasyon mèt ak edikatè nan nivo lokal yo.

8. DEVLOPE SITWAYÈNTE NIMERIK LA.

- a.** Reyalize yon dyagnostik serye pou n konnen kondisyon reyèl enfrastrikti nimerik yo ak posiblite pou moun k ap travay nan EJG a gen posiblite jwenn yo ak itilize yo.
- an.** Kreye kondisyon pou moun jwenn ak itilize mwayen koneksyon ak zouti nimerik yo san paspouki pou pèmèt tout moun EJG a konsène yo kapab jwenn ak sèvi avè yo tou. E sa dwe fèt pou tout divèsite yo nan respè vi prive moun yo ansanm ak prensip ki mande pou tout moun gen posiblite antre nan itilizasyon nimerik la.
- b.** Konsewa kad nòmatif la epi mete l kanpe pou ka kontwole tèm ak kondisyon patisipasyon prive a nan sèvis nimerik yo pou aktè ak sijè EJG a.
- ch.** Devlope pwogram edikasyon gratis ak pwogram fòmasyon gratis sou jan pou nou konprann itilizasyon zouti nimerik nesèsè yo, sou itilizasyon teknik yo ak sou travay refleksyon ki dwe fèt nan avantaj pwofesè, jenn ak granmoun ki nan sousektè EJG a.
- d.** Fè pwomosyon pou dwa moun ak dwa kominote ki ap benefisye EJG a pou yo patisipe nan itilizasyon nimerik la kòm yon zouti chanjman.

9. POWDUI KONESANS KI CHITA SOU YON TRAVAY KOLABORASYON, KONESANS KI VALAB E KI KA POTE BON JAN CHANJMAN POU EJG A.

- a.** Kreye inisyativ k ap pwodui konesans gras a travay tètansanm ant plizyè enstitisyon edikasyon siperyè, enstitisyon rechèch ak sosyete sivil ki nan domèn konsepsyon pou yo ka kontribiye nan faz pran desizyon yo, nan pratik edikatif yo ak nan fòmasyon ak suivi a.
- an.** Ranfòse kapasite rechèch ak kapasite pou sistematize politik ak pratik nan kad Edikasyon Jenn ak Granmoun nan, tabli rezo sosyal gras a pwojè ak/oubyen liy aksyon ki chita sou patenarya: inivèsite, sant espesyalize, antite Leta ak/oubyen antite nasyonal, ONG, ak òganizasyon nan sosyete sivil nan Amerik Latin ak nan Karayib la.
- b.** Tabli bon jan relasyon ant lekòl la ak sa ki andeyò lekòl la gras a rechèch, esperyans ak pwogram ki makònen ak tou sa ki konsène ak enterese sektè ki enplike nan jesyon kominotè ak jesyon aprantisaj granmoun yo.

10. FÈ TOU SA KI POSIB POU GEN YON FINANSMAN SIBLE, YON FINANSMAN VALAB AK YON FINANSMAN KI FÈT POU EJG A MENM.

- a.** Ogmante envestisman espesifik k ap fèt nan EJG a kòm youn nan branch sistèm edikasyon nasyonal yo.
- an.** Prepare matris pwogramasyon finansman yo k ap bay tout detay sou envestisman ki neseè pou devlopman òf kalite EJG a an mezi founi yo.
- b.** Kreye lòt sous finansman ak lòt zouti mobilizasyon resous sektè piblik, sektè prive ak sektè sosyal la pote oubyen ka pote yo ki pral sèvi pou kreye kad nòmatif ki pral neseè a.
- ch.** Konsewa endikatè k ap pèmèt yo vizyalize envestisman dirèk ak envestisman endirèk k ap fèt nan EJG ak nan alfabetizasyon an, menm jan ak nan pwogram ki konsène plizyè sektè ansanm ak zouti pou sa fèt nan transparans, pou yo fè suivi yo epi pou yo ka rann kont sou envestisman sa yo.
- d.** Tabli enstitisyon ki pou rekonsab travay ankouraje antrepriz, òganizasyon ak lòt gwoup sosyete sivil la ki deside fè pwomosyon pou travayè yo, manm oubyen afilye yo ka benefisye EJG a oubyen ki deside travay pou sa fèt pi fasil.

11. REYALIZE AKSYON SUIVI SAN RETE AK SUIVI SISTEMATIK ESPERYANS K AP FÈT NAN BRANCH EJG A.

- a.** Pwodui regleman, oryantasyon ak endikatè k ap pèmèt yo evalye politik piblik ki konsène EJG a pandan y ap konsidere tout kalte konsekans sa genyen sou dwa moun pou yo jwenn edikasyon an.
- an.** Kreye zouti pou patisipasyon otorite piblik, oòganizasyon sosyete sivil la, sektè prive a, kominote yo, pwofesè –fanm kou gason- nan preparasyon, egzekisyon ak evalyasyon politik ak pwogram yo.
- b.** Prepare ak sèvi ak endikatè k ap itil nan vizyalize aksyon y ap reyalize nan branch EJG a nan nivo nasyonal kou nan nivo lokal la, menm jan ak pwogram ki rasanble plizyè sektè y ap enplemaante yo. Menm jefò sa a dwe fèt pou zouti ki pou itil nan travay suivi ak nan etap rann kont bay sosyete a.
- ch.** Konsewa ak aplike pwosesis pou fè suivi apati kèk endikatè k ap pèmèt yo vizyalize ak kominike kontribisyon EJG a ap pote pou sosyete a ak pou devlopman dirab la nan nivo nasyonal kou nan nivo teritoryal.
- d.** Prepare pwosesis ankadreman ak pwosesis suivi nan nivo lokal pou divès inisyativ ak pratik kolektif kou inisyativ ak pratik kominotè yo, yon mannyè pou ankouraje, sistematize ak sosyalize esperyans lan.

12. GRAS A ÒGANIS ENTÈNASYONAL YO, KREYE AK JERE YON OBSÈVATWA DINAMIK AK PÈMANAN POU EJG A NAN REJYON AN K AP LA POU L: RANMASE DONE AK ENFÒMASYON , SISTEMATIZE YO, PREZANTE YO AK FÈ DEBA SAN RETE SOU YO, DONE AK ENFÒMASYON KI KONSÈNE: POLITIK, PWOGAM, AKSYON, ESPERYANS SUIVI AK PWOBKEMATIK NAN NIVO CHAK PEYI YO.

13. FÈ PASEMEN NAN PÈSPEKTIV, ESTRIKTI AK ÒGANIZASYON CONFITEA YO.

- a.** Makònen sa EJG a genyen kòm karakteristik espesyal ansanm ak nouvo literati li a nan yon modil oubyen yon domèn ki ap pote non Edikasyon Jenn ak Granmoun (EJG) ak Aprantisaj ak Edikasyon Granmoun nan (AEG) kòm yon liy travay priorite ak yon liy travay ki byen klè e ki ta ka tonbe anba lobedians Enstiti INESKO pou Aprantisaj pou Laavi Diran (ann angle: UIL) ansanm ak Biwo Rejyonal INESKO a (an panyòl: ORELAC).
- an.** Konvoke tout aktè ak sijè EJG nan rejyon an pou yo patisipe nan yon dyalòg san rete, nan rive pran bon jan angajman epi nan mete bon jan kad koperasyon kanpe yon mannyè pou yo ka fè pwopozisyon ki byen konekte ak realite sousektè a.

Foto: ANSES Flickr





Campaña
Latinoamericana
**por el Derecho
a la Educación**